

• •

## CHAPIT 10

# Bay bonjan swen pandan tranche ak akouchman


Nan chapit sa a:

<b>Sa k pase pandan tranche ak akouchman .....</b>	<b>155</b>
Matris la ouvri.....	155
Manman an pouse .....	156
Plasenta a soti.....	157
Tousuit apre akouchman an .....	157
<b>Pran swen manman an pandan tranche a.....</b>	<b>157</b>
Soutni l pandan tranche a.....	158
Pwoteje l pandan tranche a .....	158
Dirije l pandan tranche a .....	159
<b>Prepare w pou ka dijans.....</b>	<b>163</b>
Veye move siy.....	163
Trete l nan ka dijans yo .....	164
Mennen l lopital .....	164
<b>Kenbe yon dosye sou sa k pase pandan tranche a.....</b>	<b>164</b>
Dosye sou sa k pase pandan tranche a.....	165

# BAY BONJAN SWEN

## PANDAN TRANCHE

### AK AKOUCHMAN



#### Sa k pase pandan tranche ak akouchman

Nan chapit sa a, nou bay enfòmasyon jeneral sou zafè tranche ak akouchman an, epi nou esplike kèk fason yon fanmsaj ka bay yon famm ansent soutyen pandan moman sa a.



Li pi fasil pou n esplike tranche ak akouchman kòm 3 etap diferan: matris la ouvri, manman an pouse, epi plasenta a soti. Chapit sa a bay kèk enfòmasyon sou etap sa yo, epi nou pale plis sou chak etap nan chak chapit ki vin apre yo.

#### MATRIS LA OUVRI


Nan premye pati tranche a, kòl matris la ouvri mezi pou pitit la jwenn wout pou l soti nan matris la. Pou plis enfòmasyon sou pati sa a, gade Chapit 11, "Matris la ouvri".

Pandan gwosès la, kòl matris la di epi li long tankou yon gwo zòtèy. Tout lè sa a, pa gen anyen ki ka antre oswa soti nan kòl matris la, paske ti pasaj la bouche ak glè.


Lè fen gwosès la kòmanse rive, kontraksyon kòmanse rakousi epi ramoli kòl matris la. Menm anvan tranche a kòmanse, kòl matris la ka ouvri toupli epi glè ki bouche l la ka soti.



Pandan gwosès la,  
kòl matris la long, li  
di, epi li fèmen.



Nan fen gwosès la, epi  
lè tranche a fèk  
kòmanse, kòl matris la  
vin pi kout e pi mou.




Pandan tranche a,  
kòl matris a vin byen  
kout, li vin mou, epi  
li ouvri.

Kontraksyon tranche yo fòse pitit la desann epi yo fè kòl matris la ouvri.


- Kontraksyon yo pouse tèt pitit la anba byen di sou kòl matris la. Mouvman sa a ede kòl matris la ouvri, epi li avanse pitit la pi pre pasaj vajen an.
- Kontraksyon yo rale kòl matris la ouvri tikras pa tikras. Chak fwa matris la sere, li rale kòl matris la yon ti kras anlè pou l kapab ouvri epi pou yon ti pasaj fèt. Ant kontraksyon yo, kòl matris la lache. Sa kontinye fèt konsa jiskaske kòl matris la fin ouvri nèt epi pitit la ka jwenn pasaj pou l fèt.

Fòk kontraksyon manman an fò ampil pou kòl matris la ouvri nèt. Ti twou sa a dwe ouvri nan yon lajè ki mezire 10 santimèt (4 pouz), mezi pou pitit la pase.


Kontraksyon yo fòse pitit la desann epi yo fè kòl matris la ouvri.



Twou kòl matris la  
gwochè sa a pandan  
gwochè la.



Fòk twou a vin  
gwochè sa a pou  
bebe a ka fèt.



## MANMAN AN POUSE

Apre kòl matris la fin ouvri nèt, kontraksyon yo pouse pitit la deyò matris la epi yo fè 1 pase desann nan vajen an. Manman an pouse tou pou l ede mete bebe a deyò. Sa se dezyèm etap la. Pou plis enfòmasyon sou dezyèm etap la, gade Chapit 12, "Pouse".

## PLASENTA A SOTI

Tousuit apre bebe a fèt (twazyèm etap la), li aprann respire. Plasenta a vin separe ak matris la epi li soti deyò nan vajen an. Pou plis enfòmasyon sou twazyèm etap la, gade Chapit 13, "Plasenta a soti".

Kòd lonbrik la mens, li blanch, epi li pap ponpe, sa vle di li pap pase san bay pitit la. Ou ka koupe l.



Kòd lonbrik la pwès, li ble, epi l ap ponpe, sa vle di li toujou ap pase san bay pitit la. Pa koupe l.


Lè pitit la fèk fèt, li toujou branche ak plasenta ki anndan manman an pa mwayen kòd lonbrik la. San ki soti nan plasenta a bay pitit la kèk minit pou l kòmanse respire. Rapidman, pitit la ka respire poukонт li epi li pap bezwen plasenta a ankò.

Nòmalman plasenta a separe ak matris la nan kèk minit apre bebe a fèt. Manman an kapab pouse detwa fwa sèlman, epi plasenta a ap soti deyò vajen an, apre sa bebe a ap oblige respire poukонт li.

## TOUSUIT APRE AKOUCHMAN AN

Pandan kèk èdtan apre plasenta a soti, manman an kòmanse reprann li, epi bebe a kòmanse abitye ak nouvo anviwònman l lan.

Plas kote plasenta a te kole nan matris la kòmanse vin sere epi li fèmen, konsa san manman an t ap bay la vin diminye. Matris la vin di. Li ka santi kontraksyon fò apre akouchman an. Kontraksyon sa yo bon, epi y ap ede fè san an rete.



Bebe a dwe kòmanse pran tete. Manman an dwe pipi, epi li ka kòmanse fè poupou.

## Pran swen manman an pandan tranche a

Pati sa a nan chapit la esplike fason fanmsaj la ka fè pou l soutni, pwoteje, e gide yon akouchman pou l ka byen pase san danje. Ou ka sèvi ak enfòmasyon sa yo pou lòt etap nan akouchman yo tou.


Twa chapit ki vini apre yo bay esplikasyon pi presi sou fason pou ede pandan chak etap nan tranche ak akouchman an.

## SOUTNI L PANDAN TRANCHE A

Lè w soutni manman an pandan tranche a, ou ede l lache kò l olye pou l goumen ak doulè a. Menmsi sipò w ba li a pap elimine doulè a, li ka rann tranche a vin pi fasil, pi kout, epi pi an sekirite.

*Mwen pa t konnen  
gen yon fason pou  
m ede w pandan  
tranche a.*

Chak fi bezwen sipò yon fason diferan. Men, tout fi bezwen jantiyès, respè, ak atansyon. Gade 1 epi koute l pou w ka wè kòman li santi l. Ankouraje l pou l ka santi l gen fòs ak kouraj pandan tranche a. Ede l rilaks epi pou l aksepte tranche a.



*Wi! M ap santi m pi kalm  
si w ansanm avè m.*



*Li twò fò!  
Mwen pè!*

*Pa enkyete w! Tranche  
a dwe fò konsa.*

Se pa ou menm sèl ki pou bay manman an sipò. Sipò a sitou enpòtan nan men mari manman an, fanmi l, ak zanmi l. Pa gen lwa ki di se tèl moun ki pou bay manman an sipò. Sèlman, li enpòtan pou se moun ki gen sousi pou manman an, epi yo dispoze ede l. Sa ki pi enpòtan an sèke yo dwe se moun manman an vle ki pou la pandan akouchman an.

## PWOTEJE L PANDAN TRANCHE A

Lè nou di pwoteje l pandan tranche a, sa vle di pou w pa kite anyen vin deranje tranche a. Men kèk egzanz:

**Pa kite moun ki malèlve oswa ki pa janti rete pre l.** Se pa moman an pou manman an ap enkyete l pou pwoblèm familyal. Pafwa, menm fanmi ki renmen l oswa ki bon zanmi l ka deranje tranche a ak akouchman an. Gendè fwa, pi bon bagay w ka fè se mande tout moun pou yo kite chanm nan pou manman an ka akouche anpè.

**Pa itilize okenn medikaman oswa teknik ki pa nesesè.** Kèk fanmsaj (ak doktè) kwè akouchman an ka fèt pi byen si yo itilize plis medikaman, plis zouti, ak plis egzamen. Men, souvan se pa vre. Pafwa yo ka rann akouchman an pi difisil oswa lakòz plis pwoblèm.



**ATANSYON! Pa bay manman an okenn medikaman ki pou fè l akouche pi vit.** Yo ka lakòz danje. Piki oswa konprime ki sipoze fè akouchman an fèt pi vit ka lakòz plis doulè pandan tranche a, epi yo ka menm touye manman an ak tout pitit la. Gade paj 191 pou w wè kòman ou ka fè tranche a vin pi cho san danje.

*Eske w ka ba m  
yon piki pou m  
akouche pi rapid?*



*Piki gen danje.  
Poutèt sa, yo  
pa vo lapenn.*

## DIRIJE L PANDAN TRANCHE A

Lè w dirije l pandan tranche a, ou ede fi a evite danje, e w ede l pran swen kò l. Detanzantan, ou ka konseye l pou l bwè dlo, pou l fè pipi, pou l repoze, oswa pou l fè mouvman. Nan twa pwochen chapit yo, gen anpil konsèy sou mwayen pou w dirije tranche a yon fason pou l ka byen pase.

### Ede l bwè omwen yon vè likid chak inèdtan


Dlo nan kò l pase vit lè yon fi gen tranche. **Li dwe bwè pou pi piti yon vè likid chak inèdtan.** Si l pa bwè ase, li ka dezidrate (sa vle di, li pa gen ase dlo nan kò l). Sa ka lakòz tranche a vin pi di e pi long. Dezidratasyon ka fè fi a santi l faya.

*Si kontraksyon an fini, m ta renmen w bwè yon ti gout.*



#### Siy dezidratasyon:

- Po bouch sèch
- Twou je fon
- Po kò a rèd
- Fyèv lejè (tanperati jiska  $38^{\circ}\text{C}$  oswa  $100.4^{\circ}\text{F}$ )
- Respirasyon rapid ki fon (plis pase 20 souf pa minit)
- Batman kè li fèb e rapid (plis pase 100 batman pa minit)
- Kè bebe a bat pi vit pase 160 fwa pa minit



Leve po sou do men l avèk 2 dwèt, epi lage l.  
Si po a pa tonbe nan plas li ankò rapid, fi a dezidrate.

Si w panse manman an dezidrate, byen prese ba l dlo sikre (oswa ak siwo myèl), ji fwi, oswa sewòm oral (gade paj apre a).

Gen fi ki pa ka bwè twòp lè yo gen tranche. Swa li fè yo malad, swa yo vomi l. Si manman an ap vomi e li pa ka bwè tout yon vè likid alafwa, fè l pran yon ti gout apre chak kontraksyon. Konsa li pap deranje lestomak li. Pou fi ki malad yo, bwason sa yo ka pi fasil pou bwè: dlo kokoye, ji fwi melanje ak dlo, dlo sikre (oswa ak siwo myèl), te mant, te jenjanm, oswa te kamomin ak sik oswa siwo myèl.

Si manman an pa ka bwè ditou, oswa si l gentan dezidrate anpil, ba l likid nan dèyè l (gade paj 342) oswa ba l sewòm (gade paj 350).


#### Sewòm oral

Si tranche a long, oubyen tou, si manman an pa t ap manje oubyen bwè ase anvan tranche a, ba l sewòm oral. (Anfèt, nenpòt fi ki gen tranche ka bwè sewòm oral.) Bwason sa a fòtifye kò manman an pou l pa tonbe malad.

Ou gendwa jwenn ti sachè pou fè sewòm oral, tankou *Oresal*. Si w itilize yo, byen brase l, epi goute l anvan. Li pa dwe pi sale pase dlo nan je.

Ou ka prepare sewòm oral la ou menm lè w rive kay manmam ki gen tranche a, oubyen w ka mache ak sik ak sèl la tou mezire pou melanje ak dlo lè w rive.

## 2 fason pou prepare sewòm oral



### Avèk sik ak sèl

(Olye de sik, ou ka itilize melas oswa siwo myèl.)

Nan 1 lit dlo pwòp, melanje:

- Demi ti kiyè sèl ..... ak 8 ti kiyè sik



(Anvan w mete sik la, goute dlo a pou asire w li pa pi sale pase dlo nan je.)




### Ak poud sereyal epi sèl

(Farin diri pi bon. Oubyen w ka sèvi ak farin mayi, farin ble, sògo, oswa pòmdetè ki kuit epi ki kraze fen.)

Nan 1 lit dlo pwòp, melanje:

- Demi ti kiyè sèl ..... ak 8 ti kiyè (oswa 2 ponyen) poud sereyal

sereyal



(Anvan w mete sereyal la, goute dlo a pou asire w li pa pi sale pase dlo nan je.)

Kite l bouyi pandan 5 a 7 minit pou l ka vin tankou yon labouyi. Kite l frèt, epi bay manman an li.

*Chak fwa w pral bay manman an li, goute l anvan pou w asire li pa gate. Lè tanperati a cho, bwason labouyi sa yo ka gate yon kadè.*

- Si posib, ajoute nan bwason pi wo a yon demi tas ji fwi, dlo kokoye, oswa yon fig byen kraze. Sa ba l plis potasyòm ki ka ede l bwè plis likid.


Si sa nesesè, adapte sewòm nan selon zòn nan. Si yo pa mezire ak lit, regle kantite a selon mezi yo itilize nan zòn nan. Si w pa gen yon tas oswa kiyè pou w mezire, pran yon ti priz sèl ak yon ti ponyen sik. Si w gen farin sereyal pou timoun, jis mete ase dlo pou l ka likid, epi ajoute yon ti priz sèl.

**Note sa:** Si manman an grangou pandan tranche a, li bon pou l manje. Ba l manje ki fasil pou dijere, tankou pen, diri, oswa yogou.

## Fè fi a pipi omwen yon fwa chak 2 èdtan

Si vesi manman an plen, kontraksyon yo ka vin febli epi tranche a ka pi long. Epi, lè vesi a plen, sa ka lakòz doulè, pwoblèm lè pou pouse plasenta a, epi plis san koule apre bebe a fin fêt. Fè manman an sonje pou l pipi, li ka blyie.

**Pou verifye si vesi a plen**, manyen anba vant manman an. Lè vesi a plen, li tankou yon sachè plastik ki plen dlo. Ou ka menm wè fòm vesi a anba po manman an lè 1 chaje. Pa kite vesi a rive nan pwen sa a.



Si vesi manman an plen, li dwe fè pipi. Si 1 pa ka maché, eseye mete yon vaz oswa yon lòt twal anba dèyè l epi fè l pipi kote li ye a. Sa ka ede l pipi si w fè l tranpe men l nan yon ti dlo tyéd.

Si manman an pa ka pipi ditou, yo dwe foure yon tib katetè (yon tib ki esterilize) nan vesi a, epi sa ap pèmèt pipi a soti. Gade paj 352 pou plis enfòmasyon sou ki jan pou mete yon tib katetè. Si w pa t pran fòmasyon pou sa, chèche asistans medikal.

## Repo lè yon kontraksyon fin pase

Pou manman an ka konsève fòs li, li dwe repoze anvan e apre kontraksyon, menm lè tranche a fèk kòmanse. Sa vle di, lè l pa gen kontraksyon, li dwe kite kò l byen poze, li dwe respire byen fon, epi li dwe chita oswa kouche pafwa. Lè tranche a fèk kòmanse, li ka menm dòmi.


Anpil fi santi yo fatige anpil lè kontraksyon yo fò. Yo ka panse yo pap gen fòs pou yo pouse pitit la. Men, fatig sa a se yon fason pou kò manman an fè l repoze epi ret trankil. Si tout bagay ale byen, l ap gen fòs pou l akouche lè lè a rive. Gade paj 169 konsènan fason pou w ede manman an repoze.



## Chanje pozisyon chak inèdtan

Ede fi a fè mouvman pandan tranche a. Li ka akoupi, li ka chita, li ka mete ajenou, oswa li ka pran lòt pozisyon. Tout pozisyon sa yo bon. Chanje pozisyon ede kòl matris la ouvri byen.

Kanpe ak mache ka fè tranche a ale pi vit. Balanse, dodine, oswa menm danse ka ede l lache kò l.



**Manman an PA dwe kouche plat sou do.** Lè fi a kouche plat sou do, presyon sa a fèmen venn ki pote san bay bebe a ak manman an.

Li ka kouche sou kote epi li mete yon kousen (zòrye) nan mitan janm li (gade foto pi wo yo), oswa li ka apiye do l, men fòk li chanje pozisyon omwen chak inèdtan.



## Chanje dra manman an kouche sou li a lè I mouye oubyen li sal

Majorite fi bay anpil dlo nan vajen pandan tout lè tranche a. Dlo sa a gendwa se glè ki dekole soti nan kòl matris la (gade paj 150), oubyen li ka likid ki te nan matris la.

Lè manman an kouche oswa li chita, mete dra oubyen twal ki pwòp anba l pou ranmase dlo yo.

Chanje dra ak twal yo lè yo mouye anpil oubyen lè yo sal. Veye pou wè si dlo a ap soti avèk anpil san oswa san kaye (gade paj 183), oubyen si dlo a gen koulè mawon, jòn, oswa vèt (gade paj 174).



## SI MANMAN AN ENFEKTE AK VIH

Si w bay manman an medikaman ki rele “ART” pandan tranche ak akouchman an, sa ka anpeche bebe a enfekte ak VIH la (gade paj 494).

## Prepare w pou ka dijans

Pifò gwosès ak akouchman pase san pwoblèm. Si w sèvi ak enfòmasyon nan chapit ki vin apre yo, ou ka evite anpil pwoblèm. Sepandan, nenpòt fi ka rive gen pwoblèm grav, menmsi li gen yon bon sante.

Gen twa fason fanmsaj ka ede evite pwoblèm sante:

1. Fanmsaj **veye** move siy, sètadi senmtòm ki montre yon fi pral gen yon pwoblèm.
2. Fanmsaj **fè tretman** pwoblèm dijans lè 1 kapab.
3. Fanmsaj **mennen** fi ki gen move siy ki grav oswa pwoblèm sante grav kay doktè oswa lopital.

## VEYE MOVE SIY

W ap jwenn anpil lòt enfòmasyon sou move siy nan pwochen chapit yo ki pale sou tranche ak akouchman. Anpil nan siy sa yo siyifi ou dwe veye plis toujou, epi w ap suiv.

Gen kèk move siy ki ka disparèt poukont yo.  
Gen lòt ki grav anpil. Si yon fi gen yon move siy ki grav, oswa yon move siy ki dire, li dwe chèche èd tousuit.

Ou ka konnen kèk lòt move siy ki pa nan liv sa a. Panse sou pwoblèm sante ki egziste kay fanm ansent nan zòn nan. Èske fi ki konn gen pwoblèm sa yo konn bay move siy davans?

Pafwa, fanmsaj yo pa wè okenn siy ki montre gen yon pwoblèm, men yo jis santi pwoblèm nan. Si w santi w konsa, chèche asistans nan men lòt fanmsaj, nan men lòt moun k ap travay nan domèn swen sante a, oswa nan men doktè. Yo ka ede w jwenn pwoblèm nan.



## TRETE L NAN KA DIJANS YO


Liv sa a esplike fason pou w aji rapidman pou trete pèt de san, eta chòk, ak lòt ka dijans. Bat pou w jwenn fòmasyon pou w ka ede nan ka dijans sa yo otank posib.

## MENNEN L LOPITAL

Gen pwoblèm ki konn rive pandan akouchman an kote fanmsaj la ka pa gen possiblité ede l lakay oswa nan yon ti klinik. Si yon manman ap bay anpil san, li fè pre-eklanmsi, li gen tranche ki trè long, li gen fyèv ki trè cho, oswa li gen lòt pwoblèm grav, yon fanmsaj gendwa pap ka sove lavi l. Lè sa a, lavi manman an an danje, e fanmsaj la dwe mennen l lopital tousuit.

Si manman an oswa pitit la gen yon pwoblèm grav, yo bezwen yon lopital ki byen ekipe avèk zouti, medikaman, ak doktè ki eksperimente. Menmsi w trete yon fi ki gen yon pwoblèm grav lakay, l ap toujou bon pou w chèche asistans medikal pou w asire w li anfòm.

Anvan akouchman, ede chak manman aktout fanmi l fè yon plan mwayen transpò pou sizoka yo bezwen ale lopital. Gade paj 106 pou w jwenn kèk lide sou sa. Chèche konnen ki kote lopital ki pi pre a ye. Asire w gen transpò (pa eggzanp, yon kamyonèt ak chofè), epi lajan pou peye gaz ak lòt depans. (Menmsi l pa gen lajan, depi se yon ka dijans, ou dwe chèche asistans medikal kanmenm.) Gade Chapit 24 pou w jwenn plis enfòmasyon sou ki jan pou w travay tèt kole ak lopital epi ak lòt pwofesyonèl lasante.



## Kenbe yon dosye sou sa k pase pandan tranche a

Si w kapab, ekri tout sa k pase pandan tranche a ak akouchman an. Ekri konbyen fwa manman an manje, bwè, epi fè pipi. Chak fwa w verifye yo, ekri batman kè manman an, tanperati kò l, ak tansyon l. Dosye a ap ede w wè si tranche a nòmal. Si w oblige mennen l

lopital, dosye a ap ede doktè yo konprann sa k te pase epi poukisa. Si w kenbe yon dosye pou tout fi w ede, revize yo pou w ka chèche konnen ki sa k fè anpil fi gen tranche fasil oswa difisil, epi èske yo te kòmanse bay kèk move siy depi bone.



## Dosye sou sa k pase pandan tranche a

Nom manman an: \_\_\_\_\_ Dat li sipoze akouche: \_\_\_\_\_

Dat tranche a kòmanse: \_\_\_\_\_ Lè l te pase likid la: \_\_\_\_\_